

# LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

## MATERI DONGENG

### FASE E

#### Elemen: Membaca



**BAHASA SUNDA**  
**KELAS X SMA/SMK/MA**

*Cover Lembar Kerja Peserta Didik Materi Dongeng Bahasa Sunda Fase E, [Kepadalisna](#), Wikimedia Commons, [CC BY-4.0](#)*

**Disusun Oleh:**  
**Lisna Anggraeni**

Dilisensikan dengan lisensi [CC BY-SA 4.0](#)





## Sasaran

*Sasaran*

Fase E – Kelas X SMA/SMK/MA



## Tujuan Pembelajaran

*Tujuan Pembelajaran*

1. Peserta didik mampu néangan harti kecap basa Sunda anu hésé pikeun ditarjamahkeun tina dongéng anu judulna “Rahwana”.

*Peserta didik mampu mencari tahu arti dari kosa kata Bahasa Sunda yang tidak dimengerti dari dongeng yang berjudul “Rahwana”.*

2. Peserta didik mampu nganalisis eusi jeung struktur dongéng anu geus dibaca.

*Peserta didik mampu menganalisis isi dan struktur dongeng yang telah dibaca.*



## Elemen

*Elemen*

Maca

*Membaca*



## Kemampuh Awal anu Kudu Dihontal

*Kemampuan Awal yang Harus Dimiliki*

Saméméh ngagunakeun ieu LKPD, diharapkeun guru jeung peserta didik geus ngawasa matéri:

*Sebelum menggunakan LKPD ini diharapkan guru dan peserta didik sudah menguasai materi:*

1. Wangenan dongéng.  
*Pengertian dongeng*
2. Rupa-rupa dongéng  
*Jenis-jenis dongeng*
3. Unsur dongéng (Intrinsik jeung Ekstrinsik)  
*Unsur—unsur dongeng (Intrinsik dan ekstrinsik)*



## Identitas Peserta Didik

Identitas Peserta Didik

Wasta

Nama : .....

Kelas

Kelas : .....

Program Keahlian

Program Keahlian : .....



## Pituduuh Téhnis Lembar Kerja Peserta Didik

Petunjuk Penggunaan Lembar Kerja Peserta Didik

1. Saméméh ngeusian LKPD, ulah hilap ngadu'a heula.  
*Berdoalah sebelum memulai mengerjakan LKPD.*
2. Ulah hilap eusian "Identitas Peserta Didik".  
*Jangan lupa mengisi bagian "Identitas Peserta Didik" dengan benar.*
3. Baca dongéng anu judulna "Rahwana" kalayan gemet.  
*Baca teks dongeng Bahasa Sunda yang berjudul "Rahwana" dengan cermat.*
4. Lamun aya kecap anu teu dipikapaham, ulah hilap dibéré tanda.  
*Beri tanda untuk kata-kata yang sulit dimengerti.*
5. Jawab pananya anu aya saluyu jeung eusi dongéng "Rahwana".  
*Jawablah pertanyaan uraian sesuai isi teks dongeng "Rahwana".*
6. Kumpulkeun LKPD saluyu jeung waktu anu geus ditetepkeun.  
*Kumpulkanlah LKPD sesuai dengan waktu yang telah ditentukan.*
7. Ulah éra nanya ka guru, lamun aya anu teu ngarti nalika ngerjakeun LKPD.  
*Tanyakanlah kepada guru apabila ada kesulitan dalam mengerjakan LKPD.*




## Aktivitas 1: Hayu Maca!

*Aktivitas 1: Ayo Membaca!*

Hayu sasarengan urang maca dongéng anu judulna “Rahwana”. Aya anu tos terang ngeunaan tokoh Rahwana? Baca kalayan gemet dina jero haté, prung!

*Ayo Bersama-sama membaca dongeng yang berjudul “Rahwana”. Apakah kalian sudah mengenal tokoh Rahwana? Ayo segera dibaca, agar lebih khidmat mari membaca di dalam hati masing-masing!*


## RAHWANA



[Angry man in rain](#), Greystroke, Story Weaver, [CC BY 4.0](#).

### Fitur

Dongeng yang berjudul “Rahwana”, bisa dinikmati versi videonya, dengan cara memindai barcode di bawah ini, selamat menikmati!



Rahwana mangrupikeun tokoh jahat anu dipikirkeun ku kuring jeung anjeun. Tapi, Rahwana ogé mangrupikeun raja anu pinter nalika mingpin. Sanajan Rahwana boga watek anu jahat, tapi loba anu teu nyaho ngeunaan kasang tukang atikan jeung élmu pangaweruh anu dipibogana. Rahwana mangrupikeun putra rési agung Wisrawa, indungna ngaranna Kaikesi. Akina jelema anu wijaksana, sarta mangrupikeun salah saurang bagéan tina sapuluh Prajapati (para putera Brahma), jeung anggota Saptarési (tujuh rési Agung). Di caritakeun dina kitab Bhagavata Purana, Rahwana jeung dulurna Kumbangkarna mangrupikeun réinkarnasi ti Jaya jeung Wijaya, anu miboga pancén pikeun ngajaga gerbang Vaikuntha, imahna Déwa Wisnu.

Kacaritakeun harita, panjaga gerbang Déwa Wisnu nolak asupna biksu Sanatha Kumara. Lantaran ditolak, éta biksu boga sumpah hayang dilahirkeun di bumi. Maranéhna dibéré dua pilihan, kahiji dilahirkeun tujuh kali jadi manusa biasa sarta muja ka Déwa Wisnu, atawa lahir tilu kali salaku manusa anu kuat, tapi jadi musuh Déwa Wisnu. Para panjaga gerbang nyokot pilihan anu kadua. Nalika lahir dikahirupan anu mimiti, jadi tokoh Hiranyakashipu jeung Hiranyaksha dina jaman Satyayuga. Nalika lahir dikahirupan anu kadua, jadi tokoh Rahwana jeung Kumbangkarna dina jaman Tretayuga. Dina kahirupan anu katilu,

jadi tokoh Dantavakra jeung Shishupala dina jaman Dwaparyuga. Jadi Rahwana jeung Kumbangkarna mah aya dina kutukan kahirupan anu kadua.

Naha dingaranan Rahwana? Ngaran asli Rahwana asalna Dasamuka. Dumasar carita Ramayana, kacaritakeun yén Rahwana pernah nyieun ambek Raja Monyét Vaali anu keur ngadu'a di gunung. Rahwana ahirna diusir, lantaran Vaali ringrang ku polahna Rahwana. Ti saprak harita, anu awalna nginget ku ngaran Dasamuka, ayeuna robah jadi Rahwana.



[A monkey's face](#), [Robyn Penn](#), Story Weaver, [CC BY 4.0](#).

Aya carita séjén ngeunaan Rahwana, manéhna hayang mindahkeun Gunung Kailash ka Aléngka. Rahwana boga ide pikeun ngangkat éta gunung. Tapi Déwa Siwa nyecebekeun sukuna pikeun nahan éta gunung. Déwa Siwa nincak salah sahiji ramo suku Rahwana. Rahwana ngagoak nyeuri. Rahwana kataji ku kakuatan Siwa, kitu ogé jeung Siwa kataji ku kakuatan Rahwana. Lantaran kataji ku sora Rahwana, Déwa Siwa méré ngaran Rahwana anu hartina ngagoak tarik.

Rahwana katelah jahat, lantaran manéhna nitah Brahma sangkan leuwih jago tibatan manéhna. Ku kituna, Rahwana katelah adigung jeung gedé hulu. Ka dulurna sorangan ogé jahat. Kuwera téh dulurna Rahwana anu mingpin karajaan Aléngka. Tapi éta karajaan direbut ku Rahwana, tuluy nitah Kuwera pindah ti éta karajaan. Masarakat India ti sababaraha generasi ngilu ijid lantaran polahna Rahwana. Carita anu pangkasohorna nyaéta, Rahwana nyulik Déwi Sinta ti Rama. Sanajan Rama geus ngahampura kana kalakuan Rahwana, tapi loba masarakat India anu masih can ngahampura kana polahna. Nepi ka aya tradisi di unggal taun pikeun ngaduruk patung Rahwana.



[The king standing in front of the palace](#), [Meenal Singh](#), Story Weaver, [CC BY 4.0](#).

Lian ti katelah ku polahna anu jahat, Rahwana téh beunghar ku élmu pangaweruhna. Manéhna hapal sakabéh naskah suci jeung paham kana ritual. Lian ti kitu, manéhna muja Déwa Siwa ogé. Rahwana ogé mangrupikeun tabib ogé nuliskeun ngeunaan cara ngubar panyakit. Rahwana ogé jago dina hal musik.

Rahwana nuliskeun lirik lagu anu dijudulan Shiv Tandav, anu eusina pikeun muja ka Déwa Siwa. Dina hal olahraga, Rahwana jago Angampora anu mangrupikeun jenis olahraga tarung ti suku Sinhala. Karya ilmiah anu kawéntar "Ravanasamhita" ogé ditulis ku Rahwana. Rahwana ditigas pati ku Rama, ngagunakeun sanjata Brahmastra anu teu biasa. Sanajan Rahwana beunghar ku élmu pangaweruhna, tapi teu saimbang ku polahna.

**Lisensi Cerita:**

*Ravana* oleh *Dheeraj Dubey*. Ilustrasi oleh *Diya Ullas, Gayathri Kalyanaraman, Greystroke, Juhi Agarwal, Meenal Singh, Ogin Nayam, Priyanka Gupta, Radhika Pendse, Robyn Penn, Tapas Guha*. Diterbitkan oleh StoryWeaver Community. Karya ini diterjemahkan menjadi "*Rahwana*" oleh *Lisna Angraeni*. CC BY 4.0.

## -TAMAT-



### Aktivitas 2: Hayu Béré Tanda!

*Aktivitas 2: Ayo Beri Tanda!*

Sanggeus maca dongéng anu judulna "Rahwana", naha aya sababaraha kecap anu hésé pikeun ditarjamahkeun? Pék tulis éta kecap, tuluy diskusikeun jeung babaturan pikeun néangan hartina!

*Setelah membaca dongeng yang berjudul "Rahwana", apakah ada kata-kata yang sulit untuk dimengerti? Ayo beri tanda dan tuliskan kata tersebut, lalu diskusikan Bersama temanmu untuk mencari arti dari kata tersebut!*

1. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
2. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
3. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
4. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
5. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
6. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
7. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....

8. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
9. .... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....
- 10..... Diterjemahkan ke dalam Bahasa Indonesia menjadi .....



### Tips

Hidep tiasa ngagunakeun pakakas kamus digital pikeun néangan kecap anu teu dipikarti atawa bisa ngagunakeun pakakas Wiki Kamus, wilujeng ngerjakeun!

*Kamu bisa menggunakan kamus digital untuk mencari kata yang belum dimengerti atau bisa menggunakan Wiki Kamus, selamat mengerjakan!*



### Aktivitas 3: Ngalalisis Eusi Dongéng

*Aktivitas 3: Menganalisis Isi Dongeng*

Jawab pananya ieu di handap!

*Jawab pertanyaan di bawah ini!*

1. Dumasar dongéng anu geus dibaca, dongéng anu judulna “Rahwana” kaasup jenis dongéng? Jelaskeun!

**Jawaban:**

2. Naon téma tina dongéng “Rahwana”?

**Jawaban:**

3. Saha waé tokoh anu aya dina dongéng Rawaha?

**Jawaban:**

4. Sebutkeun jeung jelaskeun watek anu aya dina diri tokoh Rahwana?

**Jawaban:**

5. Sebutkeun karya-karya anu geus diciptakeun ku Rahwana?

**Jawaban:**

6. Kaonjolan naon waé anu dipiboga ku Rahwana?

**Jawaban:**

7. Kunaon Vaali kacida ambekna ka Rahwana?

**Jawaban:**

8. Jéntrékeun pancakaki kulawarga Rahwana!

**Jawaban:**

9. Jéntrékeun asal-usul ngaran Rahwana?

**Jawaban:**

10. Amanat naon anu bisa dipaluruh tina dongéng “Rahwana”?

**Jawaban:**



## **Pituduh Pikeun Guru**

*Petunjuk untuk Guru*

## **Aktivitas 1: Ngaping Kagiatan Maca**

*Aktivitas 1: Membimbing Aktivitas Membaca*

Durasi pikeun kagiatan maca dongéng anu judulna “Rahwana” nyaéta 15 menit – 20 menit. Ieu hal ngilu ngarojong *Gerakan 15*



*Menit Membaca* diunggal poéna. Tina samemit, diharapkeun peserta didik bisa ngahontal 300 kecap (Setiawan, 2019:2). Jadi, waktu 15 menit diharapkeun peserta didik bisa ngahontal 4.500 kecap dina basa Sunda. Téks dongéng anu judulna “Rahwana” jumlah kecapna 1.071 kecap.

*Kegiatan membaca dongeng yang berjudul “Rahwana” diestimasikan membutuhkan waktu selama 15 menit – 20 Menit. Hal ini mendukung “Gerakan 15 Menit Membaca” di setiap harinya. Dalam satu menit, diharapkan peserta didik mampu membaca sekitar 300 kata (Setiawan, 2019:2). Jadi dalam waktu, 15 menit peserta didik mampu membaca sebanyak 4.500 kata dalam Bahasa Sunda. Teks dongeng yang berjudul Rahwana memiliki jumlah kata sebanyak 1.071 kata.*

### **Skenario 1: Kegiatan Individu**

#### ***Skenario 1: Kegiatan Individu***

1. Guru ngaping jeung méré fasilitas téks dongéng anu judulna “Rahwana” pikeun peserta didik.

*Guru membimbing dan memfasilitasi peserta didik untuk memiliki teks dongeng berjudul “Rahwana”.*

2. Guru nunjuk wawakil peserta didik pikeun macakeun téks dongéng. Sistemna sakali séwang.

*Guru bisa menunjuk perwakilan peserta didik secara acak dan bergantian untuk membacakan dongeng tersebut.*

3. Nalika anu macakeunana ganti, guru nanyakeun ngeunaan eusi anu geus dibaca sarta nanyakeun kecap naon waé anu teu dipikaharti.

*Disetiap pergantian pembaca, guru menanyakan mengenai isi dan kata-kata yang sulit dimengerti.*

4. Guru ngawas waktu pangajaran, ulah nepi kajongjonan, komo nepi ka leuwih ti 15-20 menit.

*Guru mengontrol waktu pembelajaran pada aktivitas membaca tidak boleh melebihi waktu yang sudah disepakati yaitu 15 – 20 menit.*

## Skenario 2: Kegiatan Individu

### *Skenario 2: Kegiatan Individu*

1. Guru ngaping jeung méré fasilitas téks dongéng anu judulna “Rahwana” pikeun peserta didik.  
*Guru membimbing dan memfasilitasi peserta didik untuk memiliki teks dongeng berjudul “Rahwana”.*
2. Guru diskusi jeung peserta didik pikeun nangtukeun waktu maksimal pikeun maca téks dongéng anu judulna “Rahwana”.  
*Guru bisa mengkondisikan dan membuat kesepakatan waktu membaca Bersama peserta didik.*
3. Guru méré paréntah pikeun peserta didik pikeun maca dongéng anu judulna “Rahwana” dina jero haté.  
*Peserta didik dikondisikan untuk membaca teks dongeng “Rahwana” di dalam hati.*
4. Guru miboga pancén pikeun masang timer saluyu jeung kesepakatan anu geus ditangtoskeun.  
*Guru memasang timer/alarm sebagai bentuk kesepakatan.*
5. Guru nanyakeun sababaraha hal anu aya patalina jeung dongéng “Rahwana”  
*Guru menanyakan beberasa hal yang diperoleh oleh peserta didik dari hasil membaca teks dongeng “Rahwana”.*

## **Aktivitas 2: Mingpin Diskusi Peserta Didik**

### *Aktivitas 2: Memimpin Diskusi Peserta Didik*

Kabeungharan kecap nangtukeun kamampuh peserta didik pikeun maham naon anu dibaca. Makin loba kabeungharan kecapna, makin gampang ogé pikeun maham eusi bacaan. Lian ti éta, kabeungharan kecap ogé ngarojong pikeun ngahontal kaparigelan komunikasi, boh sacara lisan boh sacara tulisan (Setiawan, 2019:2). Ku kituna guru kudu bisa maluruh kamampuh peserta didik pikeun mantuan kecap

naon waé anu teu dipikaharti ku peserta didik. Ieu diskusi mikabutuh waktu 15 menit.

*Perbendaharaan kosakata merupakan komponen yang menentukan kemampuan peserta didik memahami bacaan. Semakin banyak kosakata yang diketahui peserta didik semakin baik kemampuan mereka untuk memahami bacaan. Dengan menguasai banyak kosakata, peserta didik pun semakin terampil berkomunikasi baik secara lisan maupun tulisan (Setiawan, 2019:2). Oleh karena itu, guru memimpin aktivitas diskusi untuk menggali rasa penasaran peserta didik terhadap kosa kata Bahasa Sunda yang sulit dimengerti. Diskusi ini diestimasikan selama 15 menit waktu diskusi.*

Téhnik anu digunakeun pikeun diskusi di antarana nyaéta:

*Teknik yang digunakan untuk berdiskusi di antaranya:*

1. **Diskusi jeung Babaturan Sapantaran**, guru méré arahan sangkan peserta didik diskusi pikeun néangan harti tina kecap anu teu dipikaharti, dumasar pangaweruh séwang-séwangan.

*Diskusi teman sebaya, guru mengarahkan agar peserta didik saling memberi tahu dan membagikan beberapa kata Bahasa Sunda yang mereka ketahui kepada teman yang belum mengetahui.*

2. **Ngagunakeun pakakas narjamahkeun**, lamun di sakola kamus basa Sunda bisa nyumponan pangabutuh peserta didik di sakola, éta kamus bisa dijadikeun pakakas pikeun narjamahkeun. Pakas séjén pikeun mantuan narjamahkeun nyaéta kamus digital, lian ti kamus digital bisa ogé ngagunakeun Wiki Kamus.

*Menggunakan alat bantu, bila di sekolah tersedia banyak kamus Bahasa Sunda bisa digunakan sebagai alat bantu. Alat bantu lainnya bisa menggunakan kamus digital (namun harus tetap dalam pendampingan guru, dikarenakan masih terdapat kata dalam kamus digital yang belum tepat sasaran mencari arti dari istilah tersebut). Selain kamus digital, peserta didik bisa diarahkan untuk memanfaatkan fasilitas Wiki Kamus Bahasa Sunda.*

3. **Guru sumber élmu pangaweruh**, di dieu guru bisa jadi puseur informasi pikeun peserta didik néangan jeung méré nyaho ngeunaan kecap-kecap anu teu dipikaharti.

*Teacher-Center*, guru menjadi pusat informasi bagi peserta didik yang ingin mencari tahu, arti kata hingga makna yang belum dipahami yang terdapat dalam teks dongeng yang berjudul "Rahwana".

Ulah hilap pikeun ngarahkeun peserta didik pikeun nyatet kecap naon waé anu teu dipikaharti jeung hasil anu geus ditarjamahkeunana.

*Jangan lupa, guru mengarahkan peserta didik untuk mencatat kata-kata yang sulit dimengerti beserta terjemahannya berdasarkan hasil temuannya.*

### **Aktivitas 3: Nganalisis Daya Serap Kamampuh Maca**

*Aktivitas 3: Menganalisis Daya Serap Kemampuan Membaca*

Sanggeus nyaho ngeunaan kamampuh peserta didik dina kaparigelan maca, di bagéan *Aktivitas 3* aya 10 pananya anu kudu dijawab ku peserta didik. Udaganana pikeun ngaévaluasi ngeunaan daya serap peserta didik kana naon anu geus dibaca. Éstimasi waktu peserta didik ngerjakeun jeung meunteun salila 60 menit. Aya dua scenario anu bisa dipilih, nyaéta:

*Setelah mengetahui kemampuan membaca peserta didik, dalam aktivitas 3 disajikan 10 soal pertanyaan pemantik untuk mengevaluasi mengenai daya serap peserta didik terhadap apa yang telah mereka baca. Estimasi waktu pengerjaan dan koreksi selama 60 menit. Adapun scenario yang bisa disepakati antara peserta didik dan guru di antaranya:*

#### **Skénario 1:**

**Skenario 1:**

1. Guru ngaping peserta didik pikeun ngerjakeun soal sacara individu, waktu pikeun ngerjakeun soal pikeun hiji nomor ulah leuwih ti tilu menit.

*Guru membimbing peserta didik untuk mengerjakan soal secara individu dengan estimasi waktu 1 soal selama 3 menit pengerjaan.*

2. Guru ngawas kagiatan peserta didik, sangkan waktu saluyu jeung target.

*Guru memonitoring peserta didik agar tidak melebihi waktu pengerjaan.*

3. Pembahasan soal jeung diskusi dilaksanakeun diahir sanggeus peserta didik réngsé ngerjakeun.

*Waktu pembahasan soal diakhir setelah semua peserta didik selesai mengerjakan.*

## **Skénario 2:**

### **Skenario 2:**

1. Guru ngaping peserta didik pikeun ngerjakeun soal sacara individu, waktu pikeun ngerjakeun soal pikeun hiji nomor ulah leuwih ti tilu menit.

*Guru membimbing peserta didik untuk mengerjakan soal secara individu dengan estimasi waktu 1 soal selama 3 menit pengerjaan.*

2. *Sanggeus peserta didik réngsé ngerjakeun hiji nomor, guru langsung medar jawaban, waktu anu disadiakeun ulah leuwih ti tilu meni.*

*Setelah peserta didik selesai mengerjakan satu nomor, guru langsung membahas jawaban, dengan estimasi waktu tidak boleh melebihi e menit.*

3. Guru bisa langsung ngasupkeun niléy diahir sési pangajaran.

*Guru bisa langsung menginput nilai diahir sesi pembelajaran.*

leu di handap mangrupakeun panduan, pikeun mantuan guru dina kagiatan ngoréksi:

*Sebagai acuan, berikut dipaparkan mengenai kata kunci sebagai panduan mengoreksi:*

### Soal nomor 1:

Dumasar dongéng anu geus dibaca, dongéng anu judulna “Rahwana” kaasup jenis dongéng? Jelaskeun!

#### Pembahasan:

Dongéng nyaéta carita rékaan anu dikarang dina wangun basa lancar kalawan sumebarna sacara lisan (Sudaryat, 2017: 23).

*Dongeng adalah cerita fiksi dalam bentuk cerita naratif, yang menyebar secara lisan (Sudaryat, 2017:23).*

Dongéng bisa dipasing-pasing dumasar jenisna, nyaéta:

*Dongeng diklasifikasikan menjadi beberapa jenis, yaitu:*

**Fabél**, atawa dongéng sasatoan.

**Parabel**, nyaéta dongeng anu nyaritakeun paripolah jalma biasa.

**Légénda**, atawa dongéng sasakala anu nyaritakeun asal-usul hiji tempat.

**Sagé**, nyaéta dongéng ngeunaan kasajarah.

**Mite**, nyaéta dongéng ngeunaan kapercayaan masarakat kana bangsa lelembut.

*Fabel, atau dongeng mengenai Binatang.*

*Prabel, yaitu dongeng yang menceritakan kehidupan perilaku manusia.*

*Legenda, yaitu dongeng sasakala yang menceritakan asal-usul suatu tempat.*

*Sage, yaitu dongeng yang berkaitan dengan sejarah.*

*Mite, yaitu jenis dongeng yang berisi mengenai kepercayaan masyarakat tentang hal gaib.*

Dumasar dadaran di luhur, dongéng anu judulna “Rahwana” kaasup jenis dongéng **mite**, lantaran eusina medar ngeunaan tokoh Rahwana, anu jadi kapercayaan masarakat di India, ogé urang salaku masarakat Sunda wanoh ka tokoh Rahwana salaku tokoh dina pawayangan.

*Berdasarkan penjelasan di atas, dongeng yang berjudul “Rahwana” termasuk jenis dongeng mite, hal ini dikarenakan isi dari dongeng tersebut menceritakan tokoh Rahwana yang menjadi kepercayaan masyarakat India. Bagi masyarakat Sunda, tokoh Rahwana dikenal sebagai tokoh yang ada dalam kisah cerita wayang.*

### Soal nomor 2:

Naon téma tina dongéng “Rahwana”?

#### Pembahasan:

Téma nyaéta ide, gagasan, atawa jejer pikiran anu ngajiwaan carita (Sudaryat, 2017: 23).

*Tema adalah ide atau gagasan yang menjiwai seluruh isi cerita (Sudaryat, 2017: 23).*

Ari dongéng “Rahwana” nyaritakeun ngeunaan paripolah jeung kasang tukang tokoh anu dingaranan Rahwana. Ku kituna, téma ieu dongéng nyaéta moral jeung paripolah hiji jalma anu digambarkeun ku tokoh Rahwana.

*Dongeng Rahwana menceritakan mengenai perilaku dan latar belakang tokoh yang diberi nama Rahwana. Oleh karena itu, tema dari dongeng ini yaitu moral dan perilaku dari manusia yang digambarkan oleh tokoh Rahwana.*

### Soal nomor 3:

Sebutkeun jeung jelaskeun watek anu aya dina diri tokoh Rahwana?

#### Pembahasan:

Watek anu digambarkeun dina dongéng pikeun tokoh “Rahwana” nyaéta:

1. **Jahat**, ieu watek disebutkeun sacara langsung dina téks dongéngna.
2. **Licik**, ieu hal dibuktikeun lantaran Rahwana kungsi ngalicikan dulurna sorangan.
3. **Adigung** atawa **gedé hulu**, ieu hal dibuktikeun dina teks disebutkeun yén Rahwana nangtangan Brahma sangkan leuwih jago tibatan manéhna.
4. **Satia**, ieu hal dibuktikeun yén Rahwana mangrupikeun tokoh anu taat ka Déwa Siwa.
5. **Kréatif**, ieu hal dibuktikeun yén manéhna bisa nyiptakeun syair pikeun muja Déwa Siwa.

Watak yang digambarkan dalam dongeng untuk tokoh “Rahwana” yaitu:

1. **Jahat**, karakter ini disebutkan secara langsung dalam teks dongeng.
2. **Licik**, hal ini dibuktikan karena Rahwana pernah berbuat curang terhadap saudaranya sendiri.
3. **Sombong**, hal ini dibuktikan dalam teks bahwa Rahwana menantang Brahma agar lebih hebat dari dirinya.
4. **Setia**, tokoh Rahwana taat terhadap Dewa Siwa.
5. **Kreatif**, hal ini dibuktikan dalam teks bahwa Rahwana pernah membuat syair untuk memuji Dewa Wisnu.

**Soal nomor 4:**

Saha waé tokoh anu aya dina dongéng Rahwana?

**Pembahasan:**

*Tokoh anu aya dina dongéng nyaéta Rahwana atawa Dasamuka salaku tokoh utama. Tokoh anu ngilu asup kana carita di antarana aya, Déwa Wisnu, Déwa, Siwa, Panjaga Gerbang Déwa Wisnu, Kuwera, jeung Rama. Sedengkeun tokoh anu ngan disebutkeun hungkul dina carita di antarana aya, Wisrawa, Kaikesi, Hiranyakashipu, Hiranyaksha, Kumbangkarna, Dantavakra, Shishupala, Déwi Sinta.*

Tokoh yang terdapat dalam dongeng yaitu Rahwana atau Dasamuka selaku tokoh utama. Tokoh lain yang terlibat dalam cerita yaitu Déwa Wisnu, Déwa, Siwa, Panjaga Gerbang Déwa Wisnu, Kuwera, dan Rama. Sedangkan tokoh yang hanya disebutkan dalam cerita di antaranya Wisrawa, Kaikesi, Hiranyakashipu, Hiranyaksha, Kumbangkarna, Dantavakra, Shishupala, Déwi Sinta.

**Soal nomor 5:**

*Sebutkeun karya-karya anu geus diciptakeun ku Rahwana?*

**Pembahasan:**

*Dumasar teks dongéng, Rahwana kungsi nyieun syair Shiv Tandav, anu eusina pikeun muja ka Déwa Siwa. Karya ilmiah anu kawéntar "Ravanasamhita" ogé ditulis ku Rahwana.*

Berdasarkan teks dongeng, Rahwana pernah menulis syair yang diberi judul *Shiv Tandav*, yang bertujuan untuk memuji Dewa Siwa. Karya ilmiah yang terkenal dengan judul "Ravanasamhita" juga ditulis oleh Rahwana.

**Soal nomor 6:**

*Kaonjoyan naon waé anu dipiboga ku Rahwana?*

**Pembahasan:**

Kaonjoyan bisa dihartikeun jadi niléy positif tina hiji hal. Jadi kaonjoyan ti tokoh Rahwana di antarana Rahwana téh beunghar ku élmu pangaweruhna. Manéhna hapal sakabéh naskah suci jeung paham kana ritual. Lian ti kitu, manéhna muja Déwa Siwa ogé. Rahwana ogé mangrupakeun tabib ogé nuliskeun ngeunaan cara ngubaran panyakit. Rahwana ogé jago dina hal musik. Rahwana nuliskeun lirik lagu anu dijudulan *Shiv Tandav*, anu eusina pikeun muja ka Déwa Siwa. Dina hal olahraga, Rahwana jago Angampora anu mangrupakeun jenis olahraga tarung ti



suku Sinhala. Karya ilmiah anu kawéntar "Ravanasamhita" ogé ditulis ku Rahwana.

*Kata "Kaonjoyan" dalam Bahasa Indonesia memiliki arti nilai positif. Jadi nilai positif dari tokoh Rahwana di antaranya, Dia kaya akan ilmu pengetahuan. Dia paham mengenai naskah suci dan ritual. Selain itu dia setia terhadap Dewa Siwa. Dia juga terkenal sebagai tabib juga menuliskan tatacara pengobatan untuk suatu penyakit. Rahwana jago dalam hal musik. Rahwana pernah menulis syair yang diberi judul Shiv Tandav, yang bertujuan untuk memuji Dewa Siwa. Karya ilmiah yang terkenal dengan judul "Ravanasamhita" juga ditulis oleh Rahwana. Dalam hal olahraga, beliau ahli dalam salah satu ilmu bela diri Angampora dari suku Sinhala.*

**Soal nomor 7:**

Kunaon Vaali kacida ambekna ka Rahwana?

**Pembahasan:**

Dumasar carita Ramayana, kacaritakeun yén Rahwana pernah nyieun ambek Raja Monyé Vaali anu keur ngadu'a di gunung. Rahwana ahirna diusir, lantaran Vaali ringrang ku polahna Rahwana.

*Berdasarkan cerita dari naskah Ramayana, diceritakan bahwa Rahwana pernah membuat marah Raja Vaali, karena ketika sedang berdoa di gunung, Rahwana membuat kebisingan. Akhirnya Rahwana diusir.*

**Soal nomor 8:**

Jéntrékeun pancakaki kulawarga Rahwana!

**Pembahasan:**

Istilah pancakaki memiliki arti silsilah keluarga dalam bahasa Indonesia. Rahwana téh boga bapa ngaranna Kaikesi, sedengkeun indungna ngaranna Wisrawa. Rahwana boga dulur teges ngaranna Kumbakarna. Rahwana ogé miboga dulur ti gigir ngaranna Kuwera.

*Istilan pancakaki dalam bahasa Indonesia memiliki arti silsilah keluarga. Rahwana memiliki bapa yang bernama Kaikesi, sedangkan Ibunya bernama Wisrawa. Rahwana memiliki saudara kandung bernama Kumbangkarna. Rahwana juga memiliki saudara tiri bernama Kuwera.*

**Soal nomor 9:**

Jéntrékeun asal-usul ngaran Rahwana?

**Pembahasan:**

Dumasar carita aya dua vérsi ngeunaan asal-usul ngaran “Rahwana”. Vérsi kahiji, ngaran asli Rahwana asalna Dasamuka. Dumasar carita Ramayana, kacaritakeun yén Rahwana pernah nyieun ambek Raja Monyét Vaali anu keur ngadu'a di gunung. Rahwana ahirna diusir, lantaran Vaali ringrang ku polahna Rahwana. Ti saprak harita, anu awalna nginget ku ngaran Dasamuka, ayeuna robah jadi Rahwana.

*Ada dua versi mengenai asal-usul nama “Rahwana”. Versi kesatu, nama awal Rahwana yaitu Dasamuka. Berdasarkan kisah Ramayana, diceritakan bahwa Rahwana pernah membuat marah Raja Monyet bernama Vaali yang sedang berdo'a di sebuah gunung. Karena merasa terusik, akhirnya Rahwana diusir. Semenjak itu, yang dahulunya terkenal dengan nama Dasamuka, sekarang berubah menjadi Rahwana.*

Carita vérsi kadua, dicaritakeun yén Rahwana hayang mindahkeun Gunung Kailash ka Aléngka. Rahwana boga ide pikeun ngangkat éta gunung. Tapi Déwa Siwa nyecebkeun sukuna pikeun nahan éta gunung. Déwa Siwa nincak salah sahiji ramo suku Rahwana. Rahwana ngagoak nyeuri. Rahwana kataji ku kakuatan Siwa, kitu ogé jeung Siwa kataji ku kakuatan Rahwana. Lantaran kataji ku sora Rahwana, Déwa Siwa méré ngaran Rahwana anu hartina ngagoak tarik.

*Cerita versi kedua, diceritakan bahwa Rahwana ingin memindahkan Gunung Kailash ke Alengka. Rahwana memiliki ide untuk mengangkat gunung tersebut. Tapi Dewa Siwa menggagalkannya dengan cara menginjak kaki Rahwana hingga berteriak kesakitan. Rahwana sangat kagum dengan kekuatan Dewa Siwa, begitupun cukup kagum dengan usaha yang dilakukan oleh Rahwana. Karena suara teriakan kesakitan itulah, Dewa Siwa memberi nama “Rahwana”, sesuai dengan artinya yaitu teriakan yang menggelegar.*

**Soal nomor 10:**

Amanat naon anu bisa dipaluruh tina dongéng “Rahwana”?

**Pembahasan:**

Amanat anu aya dumasar dongéng Rahwana nyaéta, yén adab téh disaluhureun élmu. Lian ti pinter urang gé kudu boga étika jeung tatakrama. Ulah gedé hulu ku pangabisa anu dipiboga, kudu inget yén di luhur langit masih kénéh aya langit.

Amanat yang terdapat dari dongeng yang berjudul “Rahwana” yaitu bahwa kita harus menyimpan adab di atas ilmu. Selain pintar, kita juga harus memiliki etika dan tatakrama. Jangan merasa sombong oleh kemampuan yang dimiliki, karena harus selalu diingat bahwa di atas langit, masih ada langit.

## Pituduh Méré Skor

### Petunjuk Pemberian Skor

Ieu di handap pituduh pikeun mantuan guru méré skor ditiap nomor soal. Tapi, ieu ngan acuan wungkul keur guru.

Di bawah ini disajikan panduan untuk pemberian skor dari setiap nomor soal. Tetapi, uraian di bawah ini hanya sebagai acuan saja.

Nomor Soal	Rentang Skor		
	0 - 2	3 - 4	4 - 5
1	<i>Peserta didik mampu menyebutkan jenis teks dongeng, namun belum tepat.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan teks dongeng secara benar namun tidak diberi keterangan/alasan, atau sebaliknya.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan jenis teks dongeng secara tepat disertai dengan keterangan alasan dengan tepat.</i>
2	<i>Peserta didik mampu menemukan tema, meskipun sasaran jawaban belum mendekati isi dongeng yang telah dibaca.</i>	<i>Peserta didik mampu menemukan tema berdasarkan dongeng yang sudah dibaca meskipun belum mampu menjelaskan secara rinci.</i>	<i>Peserta didik mampu menemukan tema berdasarkan dongeng yang sudah dibaca secara tepat disertai penjelasannya.</i>
3	<i>Peserta didik mampu menyebutkan karakter Rahwana</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan karakter Rahwana</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan karakter Rahwana</i>

	<i>minimal 2 disertai penjelasannya</i>	<i>minimal 3 disertai penjelasannya.</i>	<i>minimal 4 disertai penjelasannya.</i>
4	<i>Peserta didik mampu menyebutkan tokoh utama yang ada dalam dongeng "Rahwana"</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan tokoh yang ada dalam dongeng "Rahwana" minimal 3 beserta peranannya.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan tokoh yang ada dalam dongeng "Rahwana" minimal 5 beserta peranannya.</i>
5	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal satu yang pernah diciptakan oleh Rahwana.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal satu yang pernah diciptakan oleh Rahwana beserta penjelasannya.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan dua karya yang pernah diciptakan oleh Rahwana beserta penjelasannya.</i>
6	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal satu hal positif yang ada dalam diri Rahwana.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal dua hal positif yang ada dalam diri Rahwana.</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal empat hal positif yang ada dalam diri Rahwana.</i>
7	<i>Peserta didik belum mampu menjelaskan dan menemukan alas an Vaali marah kepada Rahwana dalam teks dongeng.</i>	<i>Peserta didik mampu menjelaskan alas an Vaali marah kepada Rahwana namun belum rinci.</i>	<i>Peserta didik mampu menjelaskan alas an Vaali marah kepada Rahwana secara rinci.</i>
8	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal 1 nama</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal 2 nama</i>	<i>Peserta didik mampu menyebutkan minimal 3 nama</i>

	<i>anggota keluarga dari Rahwana.</i>	<i>anggota keluarga dari Rahwana.</i>	<i>anggota keluarga dari Rahwana.</i>
9	<i>Peserta didik mampu menceritakan asal-usul nama Rahwana namun secara singkat.</i>	<i>Peserta didik mampu menjelaskan satu versi mengenai asal-usul nama Rahwana secara rinci.</i>	<i>Peserta didik mampu menjelaskan dua versi mengenai asal-usul nama Rahwana secara rinci.</i>
10	<i>Peserta didik mampu menemukan minimal satu amanat dari teks dongeng yang berjudul "Rahwana".</i>	<i>Peserta didik mampu menemukan minimal dua amanat dari teks dongeng yang berjudul "Rahwana".</i>	<i>Peserta didik mampu menemukan minimal tiga amanat dari teks dongeng yang berjudul "Rahwana".</i>

## **Pituduh Méré Peunteun**

### *Petunjuk Pemberian Nilai*

Ieu di handap pituduh pikeun mantuan guru méré peunteun pikeun peserta didik. Tapi, ieu ngan acuan wungkul keur guru.

*Di bawah ini disajikan panduan untuk pemberian nilai. Tetapi, uraian di bawah ini hanya sebagai acuan saja.*

$$\begin{aligned} \text{Rumus} &= \text{Total skor} \times 2 \\ &= \text{Nilai akhir} \end{aligned}$$

*Contoh apabila total skor maksimal yang diberikan guru. Satu soal total skor maksimal 5, dengan total jumlah soal 10. Jadi skor total 50.*

$$\begin{aligned} \text{Nilai Akhir} &= 50 \times 2 \\ &= 100 \end{aligned}$$

## Daftar Pustaka

Setaiwan, Roosie. Dewayanie, Sofie. 2019. [\*Seri Manual GLS: Variasi Kegiatan 15 Menit Membaca di Sekolah\*](#). Jakarta: Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan.

Sudaryat, Yayat. Hadiansah, Deni. 2017. *Panggelar Basa Sunda: Pikeun Murid SMA/SMK/MA Kelas X*. Bandung: Penerbit Erlangga.

## Daftar Atribusi

### Cerita Bergambar

Ravana oleh Dheeraj Dubey. Ilustrasi oleh Diya Ullas, Gayathri Kalyanaraman, Greystroke, Juhi Agarwal, Meenal Singh, Ogin Nayam, Priyankar Gupta, Radhika Pendse, Robyn Penn, Tapas Guha. <https://storyweaver.org.in/en/stories/53784-ravana>. Karya ini diterjemahkan ke dalam Bahasa Sunda menjadi “Rahwana” oleh Lisna Anggraeni, <https://storyweaver.org.in/en/stories/586034-ravana>, [CC BY 4.0](#).

### Ikon

Biodata, Vector Portal, <https://thenounproject.com/icon/biodata-4844302/>, [CC BY 3.0](#).

Guidelines, Iconbunny, <https://thenounproject.com/icon/guidelines-5563423/>, [CC BY 3.0](#).

Magnifying Glass, Vallone Design, <https://thenounproject.com/icon/magnifying-glass-1142952/>, [CC BY 3.0](#).

Page, Alfredo @ IconsAlfredo.us, <https://thenounproject.com/icon/page-408950/>, [CC BY 3.0](#).

Read, The Icon Z, <https://thenounproject.com/icon/read-3322753/>, [CC BY 3.0](#).

Tips oleh Vectorstall, <https://thenounproject.com/icon/tips-4747912/>, [CC BY 3.0](#)

### Gambar / Ilustrasi

Angry man in rain, Greystroke, <https://storyweaver.org.in/en/illustrations/541-angry-man-in-rain>, [CC BY 4.0](#).

A monkey's face, Robyn Penn, <https://storyweaver.org.in/en/illustrations/6495-a-monkey-s-face>, [CC BY 4.0](#).

Cover Lembar Kerja Peserta Didik Materi Dongeng Bahasa Sunda Fase E, Kepadalisna, [https://commons.wikimedia.org/wiki/File:Cover\\_Lembar\\_Kerja\\_Peserta\\_Didik\\_Materi\\_Dongeng\\_Bahasa\\_Sunda\\_Fase\\_E.jpg#%7B%7Bint%3Afiledesc%7D%7D](https://commons.wikimedia.org/wiki/File:Cover_Lembar_Kerja_Peserta_Didik_Materi_Dongeng_Bahasa_Sunda_Fase_E.jpg#%7B%7Bint%3Afiledesc%7D%7D), [CC BY 4.0](#).

The king standing in front of the palace, Meenal Singh, <https://storyweaver.org.in/en/illustrations/18595-the-king-standing-in-front-of-the-palace>, [CC BY 4.0](#).

